



Asosyasyon mizik lekòl piblik Malboro
P.O. Box 200, Marlborough, MA 01752 www.mpsmusic.org



Jen 2024

Chè elèv ak param/responsab koral A Capella, òkès ak ansanm gwoup djaz nan lekòl segondè a:

Lèt sa a gen enfòmasyon enpòtan e detaye konsènan randevou pou w eseye rad spektak ou yo nan mwa out la.

Repetisyon pou tenidevil, rad konsè, ak chemiz djaz lekòl la bay yo pral fèt nan sal koral MHS la epi yo espere l ap dire apeprè 30+-minit. **Pran randevou depi jodia pou w pa blye.** Li enpòtan pou yo eseye rad yo nan dat/lè yo mande yo pou volontè nou yo disponib yo pou yo ka fè retouch nan rad yo kòrèkteman. Nou pa gen resous sa yo disponib pandan ane lekòl la. Si w te deja enskri, mèsi.

RANDEVOU POU ESEYE RAD ESPEKTAK YO

KONEKSYON - LÈ: 19 ak 20 out soti 8:20 a.m. pou rive 1:40 p.m. ak 21 out soti nan 8:20 a.m. a 10:40 a.m. nan sal koral MHS la. Pou nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri kontakte madam Manell nan mrmanell@gmail.com oswa voye tèks nan 508-735-8386.

KONEKSYON - KÒMAN: Tout elèv ki fè pati òkès la, gwoup djaz ak koral A capella gen obligasyon pou enskri pou yon randevou esè lè yo klike sou lyen ki anba a anvan 4 out 2023.

<https://www.signupgenius.com/go/508084CA4AD2FA2FC1-48881915-aug2024#/>

Lyen an parèt tou sou paj dakèy sit entènèt nou an [mpsmusic.org](http://www.mpsmusic.org)

ESSEYE ABIMAN: POTE NAN RANDEVOU A SOULYE W AP METE SOU SÈN NAN.

Talon soulye nwa w yo pa ta dwe plis pase 2 pouw wotè. Soulye plat yo tou apwopriye. Bòdi wòb yo ap fèt selon wotè talon soulye ou pral mete sou sèn nan. Pote menm soulye sa yo nan randevou pou eseye yo a. Pou plis enfòmasyon, tanpri al gade nan fèy sou kalite abiman apwopriye sou sèn ki nan atachman an.

AKSESWA GWOUP JAZZ YO:

ELEV JAZZ YO DWE GEN PWOP PANTALON NWA YO (PA GEN ANBELISMAN METALIK OSWA KI KLERE).

REMAK: Rad kole sou kò, pantalon sere, pantalon elastik, kolan, elatriye, yo pa akseptab.

POTE PANTALON NWA W LA NAN RENDEVOU W LA. N ap ba w 6 bouton (pou tache bretèl yo), enstriksyon epi n ap make sou pantalon ou kote bouton yo bezwen koud.

NOU BEZWEN VOLONTÈ ADILT

Nou bezwen volontè adilt ki konn koud epi ki dispoze pou ede fè retouch nan inifòm yo, smoking yo ak rad yo. Sa sitou gen ladan 1 kouti dwat, retire ak bese tout woulèt nan pantalon yo, rad ak manch rad yo. Nou bezwen èd ou soti 21 out pou rive 23 out soti 9:00 a.m. pou rive 2:00 p.m. (oswa yon demi jounen nan jou sa yo). Si w ta renmen ede nou, tanpri imèl Marlene Manell nan mrmanell@gmail.com.

ENFÒMASYON SOU ASOSYASYON MIZIK AK SIT ENTÈNÈT MPS

Volontè yo se kolòn vêtebral òganizasyon nou an! Posiblite pou volontè yo anpil. Se pou w jenere ak tan w lè kowòdonatè volontè nou an kontakte w pou ede. Oswa pa tann yo rele w, jis ranpli fòm volontè sou paj entènèt nou an. Pou plis enfòmasyon sou zafè volontè a, tanpri vizite seksyon "Volontè" sou paj entènèt nou an nan www.mpsmusic.org. N ap di mèsi a tout volontè ki te la anvan yo, ki la kounye a ak sa k pral vini an!

REZIME - DAT POU SONJE:

Tanpri pran yon randevou pa mwayen Signup Genius kounye a oswa anvan 26 jiyè. Lyen an sou sit entènèt nou an, [mpsmusic.org](http://www.mpsmusic.org)

Lyen: <https://www.signupgenius.com/go/508084CA4AD2FA2FC1-48881915-aug2024>

Adaptasyon nan rad espektak la - 19 Out=21, 2024 - Lekòl Segondè Malboro, sal koral la

M swete w pase yon bon rès ete. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri pa ezite voye m yon imèl, rele m, oswa voye yon mesaj ban mwen. Mèsi.

Sensèman,

Marlene Manell

Prezidan, Asosyasyon mizik MPS mrmanell@gmail.com, tèks/rele 508-735-8386